EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# THE GENRE SPECIFICS OF THE KARAKALPAK FOLK EPIC "MUŃLIQ-ZARLIQ"

**G.Sh. Jumamuratova**
1st-year doctoral student in Folklore Studies, Department of Karakalpak Literature, Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz
https://doi.org/10.5281/zenodo.19890141

**ARTICLE INFO**

Received: 22nd April 2026
Accepted: 28th April 2026
Online: 29th April 2026

**KEYWORDS**

*Karakalpak folk epic "Muńlıq-Zarlıq," the history of the epic's creation, historical sources, the lives of the epic's heroes, epoch and epic, myth, fairytale and folk epic.*

**ABSTRACT**

*The Karakalpak folk epic "Muńlıq-Zarlıq", the genre features of the epic, its synthesis, the portrayal of the hero's image in the epic based on political and life events, the creation of the hero's image in Karakalpak folk epics, their unique nature, sources of origin, and their place in the context of the views of Turkic peoples, and the fact that the jıraw took folk epics from the life and language of the people, enriched them with individual creative skill, and conveyed them artistically to the people.*

# QARAQALPAQ XALIQ DÁSTANI "MUŃLIQ-ZARLIQ" JANRLIQ ÓZGESHELIGI

**G.SH. Jumamuratova**
Ájiniyaz atındaǵı nókis mamleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası, Folklortanıw qánigeligi 1- kurs tayanısh doktarantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.19890141

**ARTICLE INFO**

Received: 22nd April 2026
Accepted: 28th April 2026
Online: 29th April 2026

**KEYWORDS**

*Qoraqolpoq xalq dostoni "Muńlıq- Zarlıq", dostonning yaralish tarixi, tarixiy manbalari, doston qahromonlari hayoti, davr va epos, mif, ertak va doston.*

**ABSTRACT**

*Qaraqalpaq xalıq dástanı "Muńlıq- Zarlıq", dástannıń janrlıq ózgesheligi, jıynalıwı, dástandaǵı qaharman obrazınıń sıyasıy turmıslıq waqıyalar tiykarında beriliwi, qaraqalpaq xalıq dástanlarında qaharman obrazınıń jasalıwın, olardıń ózine tán tábiyatın, payda bolıw dáreklerin hám túrkiy xalıqlar kózqarası kontekstinde tutqan ornı, Jırawlar xalıq dástanların xalıq ómiri, tilinen alıp, olardı jeke dóretiwshilik sheberligi menen bayıtıp, jáne xalıqqa kórkemlep jetkeriwi.*

**Kirisiw.** Hár bir xalıqtıń ózine tán bolǵan, belgili dárejede qunlılıǵın saqlap qalǵan kórkem shıǵarmaları boladı. Óytkeni, xalıq awızeki dóretpelerin tarqatıwshı jıraw baqsılar sol xalıqtıń bay tiliniń ǵáziynesinen paydalanadı. Ádette, jırawlar xalıq dástanların xalıq ómiri, tilinen alıp, olardı jeke dóretiwshilik sheberligi menen bayıtıp, jáne xalıqqa kórkemlep jetkerip otıradı.

Mine, usınday kórkem shıǵarmalardıń biri qaraqalpaq folklortanıwında qaraqalpaq xalqınıń kewlinen orın alǵan dástanlardıń biri bul-"Múńlıq-Zarlıq" dástanı bolıp tabıladı. Biz izertlemekshi bolǵan qaraqalpaq xalıq dástanı " Múńlıq- Zarlıq" 1961- jılı Káram jıraw Naǵımov tárepinen jazıp alınadı. Dástannıń tolıq nusqası Qaraqalpaq folklorı kóp tomlıǵınıń 24- tomında berilgen.

Dástannıń dóreliwine ser salıp qarasaq, dástan erte dáwirlerde dórelgenine, ondaǵı waqıyalardıń kóbinese turmıslıq, erteklik motivler menen baylanısqanın kóremiz. Qaraqalpaq xalıq dástanı "Múńlıq-Zarlıq" óziniń formalıq ózgesheligi, ideyalıq- tematikalıq kórkemlik dárejesi, turmıslıq sıpatlarınıń basımlılıǵı menen basqa turmıslıq dástanlardan ajıralıp turadı. Dástan óziniń janrlıq belgileri boyınsha sıyasıy turmıs haqqında sóz etiwshi dástan. Dástannıń qaraqalpaq jırawları tárepinen atqarılıwı, sonday- aq qobız jırawshılıq atqarıw ónerdiń házirgi dáwirde de qaraqalpaq xalqı arasında saqlanıwı, rawajlanıwı biziń xalqımızdıń bul miyrasqa dástanlar dóregen dáwirlerden baslap tiykarǵı miyrasxorlardıń biri bolǵanlıǵınan hám sol miyrastıń dóretiwshisi ekenliginen dárek beredi.

Házirgi kúnde mámleketimizde ilim-pán, tálim, mádeniyat hám basqa tarawlardı rawajlandırıw boyınsha engizilip atırǵan reformalardıń baǵdarında xalıq dástanlarında qaharman obrazınıń jasalıwı, jámiyette hám siyasıy turmısta tutqan ornı, áhmiyetine úlken itibar qaratılıp, olardı úyreniw biziń aldımızda turǵan aktual wazıypa bolıp turıptı. Jurtbasshımız aytqanday - «Hár qanday xalıqtıń áyyemgi tariyxı hám mádeniyatı eń aldın onıń awızeki dóretpelerinde, dástan hám eposlarında payda bolǵan bolıp, olar millettiń ózin ańlaw, onıń ózine tán milliy qádiriyatları hám dástúrlerin saqlaw hám rawajlandırıwda biybaha saǵa bolıp tabıladı» - degen edi. Qaraqalpaq xalıq dástanlarında qaharman obrazınıń jasalıwın, olardıń ózine tán tábiyatın, payda bolıw dáreklerin hám túrkiy xalıqlar kózqarası kontekstinde tutqan ornın belgilew, folklortanıw iliminiń áhmiyetli wazıypalarınan sanaladı.

Bizge belgili, Folkloristika iliminiń baslı wazıypalarınıń biri túbi, shıǵısı bir bolǵan xalıqlardıń eposlıq dóretpeleriniń óz-ara tásiri hám baylanısın, ózgesheliklerin salıstırmalı-tariyxıy, salıstırmalı-tipologiyalıq usılda úyreniwden ibarat. Ásirese, " Múńlıq-Zarlıq" dástanınıń syujetlik motivleri hám obrazlar sisteması máselesinde basqa qaraqalpaq dástanları menen salıstırmalı jaǵdayında da usı salıstırmalı usıl qollanıladı. Dástandaǵı hárbir waqıyalardıń óz-ara mazmunı bir-birine oǵada tıǵız baylanısqan hám sonlıqtan da bir tutas dástan bolıp qáliplesken. Sebebi, dástandaǵı qaysı bir waqıyanı alıp qarasaqta jırawdıń sheberlik penen baylanıstırıp jırlanǵanın kóremiz.

Dástanlar ázelden xalıq arasında keń taralıp, biziń xalqımızdıń ruwxıy múlkine aylanıp úlgerdi. Bul dástan tiykarınan erteklik tipi, syujetlik ózgesheligi, ideyalıq mazmunı hám kórkemligi menen ayrıqsha kózge túsedi. Qaraqalpaq dástanlarınıń kompoziciyalıq dúzilisinde xalıq awız eki dóretpeleriniń tolıp atırǵan túrlerin ushıratıwımızǵa boladı. Qaraqalpaq

dástanlarınıń ilimiy jaqtan izertleniwinde N.Dawqaraev,Q. Ayımbetov, I. Sağıtov, Q. Maqsetov, S. Bahadirova, K. Allambergenovtıń miynetlerin atap ótsek boladı. Ádette, xalıq dástanlarında erteklik kórinisler, naqıl-maqallar, ańızlar, salt-dástúr jırları usı dástannıń kórkemligin arttırıp beriwshi qurallar sıpatında qollanıladı. Biz usınday xalıq awızeki dóretpelerinen kórkemlew quralları̇nıń dástan qurılısında qollanılıwı, olardıń dástannıń kórkemlik ózgesheligindegi ornın, áhmiyetin anıqlaw boyınsha házirgi kúnde folklorist ilimpazlar tárepinen ilimiy izertlew jumısları alıp barılmaqta. Sebebi,basqa dástanlar sıyaqlı kórkemlew qurallarınıń bir qansha túrleri "Muńlıq-Zarlıq" dástanında da júdá ónimli qollanılğan. Bulardan kóbinese teńew, giperbola, metafora, metonimiya, naqıl-maqallardı kóplep tabamız. Bunday kórkemlew quralları qaharman obrazlarına, dástannıń ideya-syujetine, kompaziciyalıq qurılısına baylanıslı júdá orınlı paydalanılğan. Bul dástanda biz kóbinese turmıslıq waqıyalardı ushıratamız. Onda, qız ayttırıw, qız bergen jerge qalıń mal beriw, súyinshi soraw, toy- merekelerde baqsı- jırawlar aytısların ushıratamız. Dástannıń baslanıwı erteklik usılda tómendegishe baslanadı:

Burıngı ótken zamanda,
Sol zamannıń qádiminde,
Bası pispey bas- bas bop,
Noğaylıdan ayrılıp,
Ult-ult bolıp sanalıp,
Ayrılıp shıqqan jerinde,
Sultan ulı Sanjarxan,
Óz eline xan bolıp...

Dástannıń tiykarğı syujeti bas qaharman Sanjarxannıń social ómiri haqqında, onıń ishki debdiwleri, perzentsizlik motivleri menen baylanıslı bolıp keledi.

Sanjarxanday patshanıń,
"Ata" dep atın aytqanday,
Hesh bir nıshan bolmadı.

Dástandağı sóz etilgen baslı waqıya da qaharmannıń perzent kórmegenligi, izinde izbasar bolıwın qálep perzentli bolıw maqsetinde ózi jasap turğan aymağndağı xalıqtıń qızı bar shańaraqlardı qıynaqqa salıp, zorlıq islew arqalı ózine qalıńlıq izlew menen baslanadı. Dástandağı perzentsizlik motivi basqa da qaraqalpaq xalıq dástanlarında kóplep ushırasıp, bul usıl arqalı dástanlardıń ózara bir-biri menen kórkemligi hám obrazlar sisteması tárepinen jaqın keletuğının biliwge boladı. Bunday perzentsizlik motivi qaraqalpaq xalıq dástanlarında uzaq dáwirlerden baslap qáliplesip kiyatırğanlığı, tarıyxıy hám turmıslıq waqıyalardıń orın alıwı dástanda áyyemgi dáwirleren saqlanıp kiyatırğan miyrasxorğa iye bolıw, mal- dúnyasına iyelik etiwshi áwlad qaldırıw sıyaqlı másele turğanlığın dálilleydi. Biz sóz etip otırğan "Muńlıq- Zarlıq" dástanında da mine usı sıyaqlı perzentli bolıw tilegi, jaratqannan perzent soraw jağdayların ushıratamız. Dástanda salt- dástúr jırları da dástannıń kórkemligin arttırıp beriwde sheber qollanılğan. Mısalı,

Kelindi alıp ketiwge barğandağı kúyew baladan alınatuğın qádeler bılayınsha berilgen. Yağnıy:

Shańlaq qáde shań qáde,
Qosımsha berseń el qáde,
Kópir qáde, jol qáde,
Kempir óldi sol qáde,

Bosaǵa qáde, bas qáde...

Bunnan basqa biziń xalqımızdıń ázel ázelden miyras bolıp kiyatırǵan kelin sálemi, taza kelinshekti awıl- aymaq, el-jurt penen tanıstırıw sıyaqlı dástúrleri de ushırasadı.

Haw kelinshek, kelinshek,
Kelinshek bolma erinshek,
Kúndeslerdiń qolında,
Bolıp turma sheginshek.

"Muńlıq- Zarlıq" dástanınıń mazmunına ser salıp qarasaq onda ertek, ańız, xannıń xalıqqa islegen ermek isleri, adamlardıń muń-zarları, jaqsı zamanǵa umtılıw tilekleri, jaqsı turmıs haqqındaǵı ármanları hám t.b. elementlerdiń qosındısınan dórep úlken bir waqıyanı kóremiz.

"Muńlıq- Zarlıq" dástanında ushırasatuǵın hayal-qızlar obrazınıń biri Qanshayım obrazı. Ol dástannıń negizgi syujetinde baslı roldi oynamasa da

waqıyalardıń shiyelenisiwinde belgili ornı bar personaj bolıp tabıladı. Qanshayım Sanjarxannıń xalıqtı basqarıwdaǵı háreketlerine tikkeley aralaspasa da xannıń kúndeslerine qaraǵanda Sanjarxanǵa anaǵurlım opalı yarı sıpatında óz aqıl-parasatı, ádep-ikramlılıǵı, gózzal ishki dúnyası menen eriniń tileklerin qollap otıradı. Mısalı,

Sanjarxan menen Qanshayım,
Súrdi-ǵoy zawqı- sapanı,
Sanjarxanday patshanıń,
Qanshayımday arıw qız,
Kórindi ısıq kózine...

Juwmaqlap aytqanda xalıq dástanlarınıń avtorı xalıq. Sol sebepli xalıqtıń milliy múlki bolıp tabıladı. Bul dástan qaraqalpaq xalqınıń milliy múlki sıpatında kóz qarshıǵınday saqlanadı hám folklorist ilimpazlar tárepinen ele de izertleniwdi talap etedi. Sebebi, bul dástan óziniń syujetlik mazmunı, qunlılıǵı, turmıslıq waqıyalarǵa baylıǵı menen ózgeshelenedi.

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleriniń biri bolǵan "Muńlıq-Zarlıq" dástanınıń payda bolıw dereklerin, ideyalıq ózgesheligi, ilimiy hám ámeliy ortalıqtaǵı ornı, syujet qatlamları menen obrazlar quramı, turmıslıq funkciyaları, waqıyalardıń rawajlanıw basqıshlarındaǵı transformaciyalıq ózgeshelikler, ondaǵı turmıslıq waqıyalardı táriyplewdegi xalıqlıq usıllardıń qollanılıw dárejelerin izertlew hár bir folklorist ilimpazlardıń tiykarǵı wazıypasınan ibarat.

Dástanlardıń folklortanıw iliminde tutqan ornı jıllar ótse de salmaqlılıǵı menen qaladı.

## References:

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
2. Мақсетов Қ.М. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Т.: Фан, 1965.
3. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 1976.
4. Палымбетов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан». – Нөкис: Билим, 2020.
5. Айымбетов Қ. Жыраўлар репертуарында тарийхый жырлар // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1964.

6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 24-т. «Мунлык- Зарлык» (Карам жырау Нагметов) –Нөкис: Илим, 2010.